Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
## Гумбет районалъул газета



№ 13 (6849) 3 апрель 2023 с. Итни Рамазан 1444 с. Багьа - эркенаб

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Загьирбег Селимов: «Махщалилал тІаса рищиялда бараб буго цІиял областал Россиялда гьорлъ церетІей»**

- 2 - гьум.



**МухІамадгІали МухІамадгІалиевасе СВОялда бихьизабураб тІокІлъиялъухъ медаль щвана**

- 2 гьум.



**Ракь хІалтІизабуни, ракъи бихьуларо**

- 2 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

# Гъалип Гъалипов: «2022-абилеб соналъ районалъул бюджеталда бачІана 597 млн 712 азарго гъурущ»

### Районалъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб сессия

**Бакълъулазул депутатазул Собраниялъул сессиялда 2022-абилеб соналъул хІалтІул хІасилазул бицана араб анкьалъ муниципалитеталъул бетІер Гъалип Гъалиповас. Сессилъул хІалтІи рагьана ва бачана бакълъулазул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Мухтар АхІмадовас. Гьенир гІахьаллъана федералиял, республикаялъулал идарабазул вакилзаби, учреждениязул нухмалъулел, жамгІиял хІаракатчагІи ва цогидал.**



Жиндирго докладалда Гъалип Гъалиповас муниципалитет цебетІезелъун нухдаинарурал проектазул, нахъеги тІуразе хІажатал масъалабазул ва гь. ц. рахъазда тІасан баянал гьаруна. «2022-абилеб соналъ районалъул бюджеталда бачІана 597 млн 712 азарго гъурущ, 2021-абилеб соналде дандеккун 20,7% цІикІкІун. Районалъул росаби тІабигІияб газидалъул хьезариялъул хІалтІаби гьарулел руго.

2022-абилеб соналъ проектниял хІалтІаби гьаризе байбихьана поселениязда гьоркьор газил мухъал рачинелъун. Росабалъ жанирги хІалтІаби гьарулел руго.ТІабигІияб газ биччазе хІадурун руго ЛъаратІа ва Данухъ росаби.

Бакълъул районалъ араб соналъ жигараб гІахьаллъи гьабуна федералиял ва республикаялъулал программабалъ. 2022-абилеб соналъ районалъул администрация гІахьаллъана «Республикаялъулаб инвестиционнияб программа», «Дир нухал», «БацІцІадаб лъим», «БакІалъулаб байбихьи», «Лъайкьей», «Демография», «Сахлъи цІуни», «2020-2025-абилел соназда росабазул цадахъаб цебетІей», «Школазда капиталияб ремонт гьаби» абурал ва цогидал программабалъ.

Республикаялъулаб инвестиционнияб програмаялда рекъон бачунеб буго Гъоркь ва ТІад Инхо росабалъе лъим. Гьелъие харж гьабун буго 30 млн гъурущ. Лъел рогІрал лъеялъул хІалтІаби 2023-абилеб соналъ рагІалде рахъинаризе руго. Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил жигаралдалъул нухдаинабураб «Школазда капиталияб ремонт гьаби» абураб программаялда рекъон араб соналъ лъабго росдал школалда капремонт гьабуна. ХІалтІаби рахана 41 222 240 гъурущалде», ян – абуна Гъалип Гъалиповас.

2023-абилеб соналъги район бергьана школазда капиталияб ремонт гьабиялъул конкурсалъулъ, рес щвана жеги 8 цІалул идара къачІазе. Микьабго школалда капремонт гьаби ва хІажатал алатал роси бахуна 130 млн гъурущалде. 2022-абилеб соналъ РАИПялда рекъон бараб ЦІияб Аргъвани росдал гьоркьохъеб школа хІажаталдалъун хьезабуна.

2022-абилеб соналъ муниципалителалъул 10 школалда рагьана «Точка роста» централ, ракІалда буго жеги 4 школалда гьелго централ рагьизе. МелъелтІа ва ЦІияб Аргъвани росабазул лъималазул ахикь капиталияб ремонт гьабулеб буго.

Росдал магІишат ккола бакълъулазул кІвар бугеб бутІа. Муниципалитеталда хІалтІулеб буго 10 СПК, 93 КФХ, 6000 ялдасаги цІикІкІун ЛПХял. 2022-абилеб соналъ Бакълъулазул мухъалда бакІарана куракул рекордияб бачІин – ункъазаргоялдасаги цІикІкІун тонна. Россиялъул централиял регионаздеги уна бакълъулазул ракьалда гІезабураб пихъ.

Сессиялда гьединго халгьабуна «Бакълъул районалъул 2022-абилеб соналъул бюджет тІубаялъул», «2023-абилеб соналъул ва плановиял 2024-2025-абилел соназул бюджеталда хиса-басиял гьариялъул», «ДРялъул бетІергьанлъиялде Гъоркь Инхо – Килалъ нух кьеялъул» ва цогидал суалазул.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# 2023-абилеб соналъ районалъул 8 школалда ремонт гьабизе буго

**Районалъул цІалул идарабазда капиталияб ремонт гьабиялъул ва цогидал программаби нухдаинариялъул суалал гьоркьор лъураб дандельи тІобитІана муниципалитеталъул администрациялда араб анкьалъ. Дандеруссин бачана Бакълъулазул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас. Тадбиралда гІахьаллъана идарабазул вакилзаби ва цогидал.**

«Исана муниципалитеталъул микьго школалда капиталияб ремонт гьабизе буго. Россиялъул Президент Владимир Путинил жигаралдалъун нухдаинабула бугеб школазда капремонт гьабиялъул программаялда рекъон рес щвана МелъелтІа, Гъарадирихъ, ЛъаратІа, Ингишо, ТІад Инхо росабазул гьоркьохъел, МелъелтІа, Кунзахъ росабазул аслиял ва ТІад Гъарадирихъ байбихьул школал къачІазе. Дагъистаналъул цо районалъе гьедагІан цІалул идарабазда гьеб программаялда рекъон капиталияб ремонт гьаби цебеккун букІинчІеб лъугьа бахъин буго. РакІ-ракІалъулаб баркала буго гьеб хІалтІулъ гІахьаллъаразе», – ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Дандеруссиналда гьединго рорхана ЖКХялда, АПКялда, сахлъи цІуниялда ва цогидал рахъазда хурхарал суалалги. Дандельиялъул ахиралда Гъалиповас лъазабуна бакълъулазул тІалабал гІужда ва лъикІ тІуразе хІаракат бахъеян.

**«Гумбет» РИО**

**Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.**

Инхоса ГIали-хIажи

№ 13 3 апрель 2023 с.

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

## Загьирбег Селимов: «Махщалилал тIаса рищиялда бараб буго цIиял областал Россиялда гъорлъ церетIей»

**Бакълъул районалъул Аргъвани росдал школалъул директор, Украинаялда тIобитIараб спецоперациялде жиндиего бокьун арав, Мелитополь шагьаралъул ГКУ «СОШ № 15» УМРялъул рахъалъ директорасул заместительлъун хIалтIула вугев, Загьирбег Селимов ворчIана «Лидеры возрождения. Запорожская область», «Лидеры возрождения. Херсонская область» конкурсазул цадахъаб финалалде.**



Конкурсалда гIахьаллъи гьабуна Россиялъул батIи-батIиял регионазул вакилзабаз. Полуфиналалъул къимат кьеялъул тадбиразда загьир гьаризе ккола конкурсалъул финалистал.

«Махщалилал тIаса рищиялда бараб буго цIиял областал Россиялда гъорлъ церетIей», – ян абуна Селимовас. Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник, тIадегIанаб категориялъул мугIалим Загьирбег Незюровичас Мелитополалъул школалда кьола гIурус мацIалъул ва адабияталъул дарсал.

«Дие бокьилаан лъайкьеялъул проектал Запорожье областалда гIумруялде рахъинаризе. Аслияб кIвар кьолеб буго Россиялъул ФГОСалда рекъон лъай кьей гIуцIиялде. БатIи-батIиял къагIидабазул лъайкьеялъул идараби гIуцIизе гьира буго. Гьарула Запорожье областалъе рекъел ва цебетIей. Сверухълъи тIегьазабиялъулъ гIахьаллъизе рес щвей – инсанасе кIудияб талихI», – ян абуна Загьирбег Селимовас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАХIАРЗАЛ

## ИчичIалиса Шамил НурмухIамадов Россиялъул Минобороныялъул медалалъе мустахIикълъана

**Спецоперациялъул гIахьалчи, разведчик, Бакълъул районалъул ИчичIали росулъа Шамил НурмухIамадов СВОялда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ мустахIикълъана Россиялъул Миноборонаялъул «СВОялъул гIахьалчиясе» абураб медалалъе.**



Рагъулал масъалаби НурмухIамадовас фронталъул батIи-батIиял рахъазда тIурана: Киевалъулаб мухъалдаса Донбассалде щвезегIан. Спецоперация байбихьаралдаса гьес живго вихьизавуна тIад къараб суал лъикI тIубазе гьира бугевлъун, хIинкъи гьечIевлъун.

Шамил НурмухIамадовасул буго 21 сон. 2021-абилеб соналъ Нижегородскияб автомеханикияб техникум лъугIизабун хадуб гьес Россиялъул Рагъулал Аскаразул кьерда рагъулаб хьулухъ тIубазелъун контракт хьвана. Кьола рагъулал лъугьа-бахъиназул ветеран. Фронталда ракIбацIцIадго тIурала кIвар бугел масъалаби.

**«Гумбет» РИО**

БЕРГЬЕНЛЪАБИ ЦIИКIКIАГИ

## ГIабдула Пайзулаев – цIалдохъабазда гьоркьов бищун лъикI гьутIби кIурулев

**Бакълъулазул районалда тIобитIараб «Бищун лъикI гьутIби кIурулев» абураб конкурсалъулъ гIахьаллъарал цIалдохъабазул онлайн-голосованиялъул хIасилалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ГIабдула Пайзулаев. КIиабилеб бакI щвана АхIмад МухIамадовасе, лъабилеб бакI босана МухIамадгIали Бартихановас.**




Конкурс гIуцIараз бергьенлъи босарала ва къиматал бакIал щвараза баркана ва гьарана нахъеккунги цебетIей. ТIоцебесеб бакI босарасе ва призовиял бакIал ккуразе Бакълъул районалъул нухмалъулев ГьалипГьалиповас шапакъатал кьезе руго.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАХIАРЗАЛ

## МухIамадгIали МухIамадгIалиевасе СВОялда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ медаль щвана

**Украинаялда тIобитIараб спецоперациялъул гIахьалчи, Бакълъул районалъул ИчичIали росулъа МухIамадгIали МухIамадгIалиевасе «Рагъда рихьизарурал тIокIлъабазухъ» абураб медаль кьуна. Шапакъаталъе гьев мустахIикълъана СВОялда бихьизабураб гьунаралъухъ.**

Россиялъул Миллияб гвардиялъул хехаб взводалъул командир, кIудияв лейтенант МухIамадгIалиев МухIамадгIали ИсхIакъовичас чанго нухалъ асирлъуде росана неофашистал, давладуе щвана ярагъ. Гьесул рагIабазда рекъон, Польшаялдаса ярагъ чанцIуло щвана.

Спецоперациялъул рагъухъанас баркала загьир гьабулеб буго Белгород областалъул гIадамазе СВОялъул гIахьалчагIазе кванил нигIматаздалъун ва цогидаб гуманитарияб кумек гьабуралъухъ.

**«Гумбет» РИО**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## Ракь хIалтIизабуни, ракъи бихьуларо

**Дагъал церегIан соназ дун кIалъана цо хIакимчигун. Дица гьеса гьикъана гьаб нилъер районалда гьечIин я ракьулъа рахъулел магIданал, я фабрикалгун заводал. Гьанже гIаги росдал магIишаталдехун бербалагьи щай гьабуларебан. Кьиямасеб къо чIагийила гьелда, лъие гьеб къваригIарабилан жаваб рагIидал, дун гIажаиблъана.**



Цоги хIакимасухъанги гьеб суалалъе дие жаваб щвечIо.

Рамазан ГIабдулатIитов Дагъистаналъул бетIер вукIараб мехалда, байбихьана республикаялда кIвар бугеб 10 проект гIуцIизе. Дица интерненталдасан цIалана нилъер районалда гьел проектал нухдаинариялъул. Росдал магIишаталда хурхараб цониги тарих дида гьениб батичIо. Росдал гIадамал яги актив ахIун гьоркьоб лъурабани, мухIканго лъалаан бугеб боцIул ва ракьалъул бекьулеб къадар.

Цоги хIакимасда, гьоркьоб заман араб мехалъ, щай росдал магIишаталде нужеца мугъ рехарабин гьикъидал, диде гьес абуна жидер гьелде гьоркьоре раккизе ихтияр гьечIин. Росдал магIишаталде бербалагьи цо дагьабниги букIунаан колхозалъул правлениеги бищун, бащдаб лъагIалидасан жамагIаталъе отчет кьолебани, 2 соналдасан рищиялги гьарулел рукIаралани.

ЖамагIатги ахIичIого, колхозалъул председателас жиндиего данде кколел чагIазул 5-8 чиясул республикаялъул буголъиялъулгун кьотIи-къайги гьабун, СПКял гIуцIана. Гьанже щибха гьабилеб? ЛъикIаб букIина, добго колхозалъул системаялде тIадруссани.

Прокуратураялъ халгьабуни лъикIаб букIина СПКял гIуцIараб къагIида законалде данде кколищан. 1980-1985-абилел соназда районалда букIана 1700 гIака, 48000 гIи-цIани, 6000 чIегIер боцIи. 1600 гIанасеб гектар бекьулаан хаслихе. ЛъикIаб букIинаан, редакциялъ щибаб кварталалъул авалалда газеталда бахъани, 1985-абилеб соналде дандеккун гьанже щиб бугебали.

ГIи-боцIи цIикIкIинабизе ккани, ракь хIалтIизаби рукIалиде бачине ккола. Гьелдаса хадуб дагь-дагькккун бажарула гIи-боцIи цIикIкIинабизе. 15000 гIиги, 1200 гIакаги, 4000 хIайванги хIебтIизе ккани, хIалтIизе бакI щола, гIагашагарго абуни, 330 – 340 чиясе. Гьелде тIаде жеги районалъул бюджеталде бачIуна лъикIаланго гIарац.

Дида кинго бичIчIунаро щай ракь дагьаб гурони бекьулареб. РачIа хIисаб гьабизин 1 гаялъ кигIан хайир росдае кьолебан. 1 га бекьун уна 3500 гъурущ, дискал рахьун – 2000 гъурущ, ракь битIизабун (мала цIан) – 1000. Хьазе хьодохъ 500 гъурущ кьола, бакIарун комбайналъ 2000 гъурущ уна, лъалъан – 300 гъурущ. Хурица ролъ баччун – 500 гъурущ, хьутI къан кьола 900 гъурущ Кинабниги: 10700 гъурщиде бахуна. 1 гаялдаса бакIарула 2500 кг. – 32500 гъурущ, хьутIалъухъ 500 гъурущ. Кинабниги гIарац: 33000 гъурущ, бацIцIадаб хайир – 22300 гъурущ.

Интерес гьелде бугес халгьабе, кигIан щолебали 100 яги 200 га бекьани. Цо-цояз абизе бегьула бачIинаго цIикIкIун ракь бекьизе рес кколарин. ТIорщел бачIарабго хIисаб гьабизелъун хIалтIулел тракторал кигIанги щола. Хьазе хьонги гьединго щола.

Росдал магIишаталъул щиб хIал бугеб, кигIан гIарац щвараб, гьеб кибе расход гьабураб, кинаб хIалтIи гьабизе ракIалда бугеб, щиб рагIалде бахъараб абурал суалазе гIадамазе мухIканал баянал щвезе щибаб росулъ, гIадамазда бихьулеб бакIалда, лъикIаб букIина советалъги колхозалъги лъазабиязул хъарщи чIвани, гьениб щибаб кварталалда информацияги кьуни.

**ХIажи Шихмирзаев,
ЛъаратIа росу**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

### Решение

**28.03.2023 г.** **с. Мехельта** **№ 43**

**О передаче в собственность Республики Дагестан автомобильной дороги Нижнее Инхо-Килятль**

**В соответствии с федеральным законом от 06.10.2003 № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Гражданским кодексом Российской Федерации и Уставом МР «Гумбетовский район», Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»**

**Решило:**

1. Передать из муниципальной собственности МР «Гумбетовский район» в собственность Республики Дагестан земельный участок под Инхо - Килятль» с кадастровым номером 05.25:000000:311 площадью 21700 м2 и объекты капитального строительства сооружения под автомобильную дорогу «Нижнее Инхо - Килятль» протяженностью 4638 м. с кадастровым номером 05:25:000000:312.

2. Опубликовать настоящее решение в муниципальной газете «Гумбет» и разместить на официальном сайте муниципального района в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

**Председатель Собрания депутатов**
**М. А. Ахмедов**
**Глава МР «Гумбетовский район»**
**Г. И. Галипов**

## Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

### Решение

**28.03.2023 г.** **с. Мехельта** **№ 46**

**О проекте Решения Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовскии район» «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район»**

**На основании статьи 44 Устава муниципального района «Гумбетовский район» с целью приведения Устава муниципального района «Гумбетовский район» в соответствии с Федеральным законом от 30.12.2021 № 492-ФЗ вносящим изменения в Федеральный закон от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» Собрание депутатов МР «Гумбетовский район»**

**Решает:**

1. Принять прилагаемый проект Решения Собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район» «О внесении изменений и дополнении в Устав муниципального района «Гумбетовский район» за основу.

2. Главе муниципального района «Гумбетовский район» опубликовать проект Решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район» в районной газете «Гумбет» и на официальном сайте МР «Гумбетовский район».

**Председатель Собрания депутатов М. А. Ахмедов**
**Глава МР «Гумбетовский район»**
**Г. И. Галипов**

## Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

### Решение

**28.03.2023 г.** **с. Мехельта** **№ 48**

**Об исполнении бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2022 год**

**В соответствии со ст. 153, 264.1, 264.2, 264.6 Бюджетного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003 г. №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом муниципального района «Гумбетовский район», Положением о бюджетном процессе в муниципальном районе «Гумбетовский район», собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район»:**

**Решает:**

1. Утвердить прилагаемый отчет об исполнении бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2022 год по доходам в сумме 587746,2 тысяч рублей, по расходам в сумме 583734,3 тысяч рублей, с превышением доходов над расходами (профицит бюджета муниципального района «Гумбетовский район») в сумме 4011,7 тысяч рублей .

- по доходам муниципального района «Гумбетовский район» за 2022 год согласно приложению №1;

-по исполнению ведомственной структуры расходов бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2022 год согласно приложению 2;

- по межбюджетным трансфертам, получаемым из других бюджетов в 2022 году согласно приложению 3.

2. Решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию.

**Председатель Собрания депутатов М. А. Ахмедов**
**Глава МР «Гумбетовский район»**
**Г. И. Галипов**

**Приложение 1 к Постановлению**
**Собрания депутатов МР «Гумбетовский район»**
**от 28 марта 2023 № 48**

## Поступления доходов в бюджет муниципального района «Гумбетовский район» за 2022 год

**в. тыс.руб**

| Код бюджетной классификации | Наименование доходных источников | Уточненный план на 2022 год | Исполнено за 2022 г | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| 1 00 00000 00 0000 000 | Налоговые и неналоговые доходы | 64929,0 | 69724,2 | 107,4 |
| | Налоговые доходы | 60119,0 | 65947,7 | 109,7 |
| 1 01 02000 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 48868,0 | 50501,0 | 103,3 |
| 1 03 02000 01 0000 110 | Акцизы на ГСМ | 7194,0 | 8301,3 | 115,4 |
| 1 05 03020 00 0000 110 | Единый сельскохозяйственный налог | 217,0 | 216,3 | 99,7 |
| 1 05 01010 010000 110 | Упрощенная система налогообложения | 3400,0 | 6260,4 | 184 |
| 105 04000 020000 110 | Патентная система налогообложения | 50,0 | 93,3 | 186,6 |
| 1 08 03010 01 0000 110 | Госпошлина | 390,0 | 575,4 | 185 |
| 110 00000 00 0000 000 | Неналоговые доходы | 4810,0 | 3776,5 | 78,5 |
| 2 00 00000 00 0000 000 | БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 520083,6 | 518022,0 | 99,6 |
| 2 02 02000 00 0000 000 | Безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы РФ в.т.ч. | 517349,8 | 517289,0 | 100 |
| 2 02 15001 05 0000 150 | -Дотации бюджетам | 99735,0 | 99735,0 | 100 |
| 2 02 20000 00 0000 150 | -Субсидии бюджетам | 95281,3 | 95253,3 | 100 |
| 2 02 30000 00 0000 150 | -Субвенции бюджетам | 316866,5 | 316833,7 | 100 |
| 202 40000 00 0000 150 | Иные межбюджетные трансферты | 5467,0 | 5467 | 100 |
| 204 05000 05 0000150 | Денежное пожертвование не государственных организации | 1856,2 | 1856,8 | 100 |
| 207 05000 05 0000150 | Денежное пожертвование физических лиц | 877,6 | 877,6 | 100 |
| 2 18 00000 00 0000 000 | Доходы от возврата остатков прошлых лет | | 1215,9 | |
| 2 19 00000 00 0000 000 | Возврат остатков прошлых лет в республиканский бюджет | | -3217,3 | |
| | **ИТОГО ДОХОДОВ** | **585012,6** | **587746,2** | **100,5** |

**Приложение 3 к Постановлению**
**Собрания депутатов МР «Гумбетовский район»**
**от 28 марта 2023 № 48**

## Ведомственная структура расходов бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2022 год

**в. тыс.руб**

| **Наименование показателя** | **Код раздела, подраздела** | **Уточненный бюджет на 2022 год** | **Исполнено за 2022 год** | **% исполнения** |
|---|---|---|---|---|
| Общегосударственные вопросы | 0100 | 29595,0 | 24180,0 | 81,7 |
| Функционирование высшего должностного лица | 0102 | 1606,0 | 1494,1 | 93 |
| Функционирование законодательного органа | 0103 | 1654,2 | 1598,1 | 96,6 |
| Функционирование органов местного самоуправления | 0104 | 17579,0 | 16681,6 | 94,9 |
| Обеспечение деятельности кандидатов в присяжные заседатели федеральных судов общей юрисдикции в РФ | 0105 | 6,0 | | |
| Обеспечение деятельности финансовых органов | 0106 | 4376,0 | 3810,4 | 87 |
| Резервный фонд | 0111 | 3702,0 | | |
| Другие общегосударственные вопросы | 0113 | 671,8 | 595,8 | 88,7 |
| Национальная оборона | 0200 | 1967,1 | 1967,1 | 100 |
| Мобилизация и внеойсковая подготовка | 0203 | 1967,1 | 1967,1,0 | 100 |
| Национальная безопасность и правоохранительная деятельность | 0300 | 4046,0 | 2885,6 | 71,3 |
| Предупреждение и ликвидация последствий чрезвычайных ситуаций и стихийных бедствий, ГО | 0310 | 4046,0 | 2885,6 | 71,3 |
| Национальная экономика | 0400 | 38671,9 | 31421,2 | 81,3 |
| Сельское хозяйство | 0405 | 4316,0 | 4249,0 | 98,4 |
| Дорожное хозяйство | 0409 | 34355,9 | 27172,2 | 79 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 0500 | 15576,3 | 10570,3 | 67,9 |
| Жилищное хозяйство | 0501 | 37,0 | | |
| Комунальное хозяйство | 0502 | 4774,0 | 4774,0 | 100 |
| Благоустройство | 0503 | 10047,3 | 5113,7 | 50,9 |
| Другие вопросы в области ЖКХ | 0505 | 718,0 | 682,6 | 95,1 |
| Образование | 0700 | 426197,0 | 420183,8 | 98,6 |
| Дошкольное образование | 0701 | 92315,6 | 88907,3 | 96,3 |
| Общее образование | 0702 | 304570,8 | 303203,9 | 99,6 |
| Дополнительное образование | 0703 | 16950,4 | 16863,8 | 99,5 |
| Молодежная политика | 0707 | 1353,2 | 1118,2 | 82,6 |
| Другие вопросы области образования | 0709 | 11007,0 | 10090,6 | 91,7 |
| Культура, кинематография, | 0800 | 34183,9 | 33786,1 | 98,8 |
| Культура | 0801 | 32587,9 | 32359,6 | 99,3 |
| Другие вопросы в области культуры | 0804 | 1596,0 | 1426,5 | 89,4 |
| Социальная политика | 1000 | 6326,0 | 6305,2 | 99,7 |
| Пенсионное обеспечение | 1001 | 1070,0 | 1049,7 | 98,1 |
| Охрана семьи и детства | 1004 | 5256,0 | 5255,5 | 100 |
| Физическая культура и спорт | 1100 | 1542,0 | 878,0 | 57 |
| Физическая культура | 1101 | 1542,0 | 878,0 | 57 |
| Средства массовой информации | 1200 | 4839,0 | 4839,0 | 100 |
| Периодическая печать | 1202 | 4839,0 | 4839,0 | 100 |
| Межбюджетные трансферты | 1400 | 47195,0 | 46718,0 | 99 |
| Межбюджетные трансферты | 1401 | 43465,0 | 43065,0 | 99,1 |
| Межбюджетные трансферты | 1403 | 3730,0 | 3653,0 | 98 |
| **ВСЕГО РАСХОДОВ** | | **610139,2** | **583734,3** | **95,7** |

**Приложение 2 к Постановлению**
**Собрания депутатов МР «Гумбетовский район»**
**от 28 марта 2023 № 48**

## Межбюджетные трансферты, полученные из других бюджетов муниципального района «Гумбетовский район» за 2022 год

**в. тыс.руб**

| **Наименование** | **Уточненный план на 2022 год** | **Исполнено за 2022 год** | **% исполнения** |
|---|---|---|---|
| Дотация на выравнивание бюджетной обеспеченности муниципальных районов | 99735,0 | 99735,0 | 100 |

**(Продолжение - на 4 странице)**

ДОКУМЕНТЫ

# Межбюджетные трансферты, полученные из других бюджетов муниципального района «Гумбетовский район» за 2022 год

(Начало - на 3 странице)

в. тыс.руб

| Наименование | Уточненный план на 2022 год | Исполнено за 2022 год | % исполнения |
|---|---|---|---|
| Дотация на выравнивание бюджетной обеспеченности муниципальных районов | 99735,0 | 99735,0 | 100 |
| Субвенция на госстандарт общего образования | 202473,9 | 202473,9 | 100 |
| Субвенция на госстандарт дошкольного образования | 44032,0 | 44032,0 | 100 |
| Субвенция на выплату денежных средств на содержание детей в семьях опекунов (попечителей) | 783,6 | 783,6 | 100 |
| Субвенция на расходы для выполнения полномочий по образованию и организации деятельности административных комиссий | 423,0 | 423,0 | 100 |
| Субвенция на расходы для выполнения полномочий по образованию и организации деятельности административных комиссий по делам несовершеннолетних | 423,0 | 423,0 | 100 |
| Субвенция на кандидатов присяжные заседатели федеральных судов общей юрисдикции в РФ | 6,0 | 6,0 | 100 |
| Субвенция на расходы для выполнения полномочий РД по хранению, комплектованию, учету и использованию Архивного фонда РД | 225,2 | 225,2 | 100 |
| Фонд финансовой поддержки поселений | 43465,0 | 43465,0 | 100 |
| Субвенция на расходы для выполнения полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты | 1967,1 | 1967,1 | 100 |
| Субвенция на обеспечение жильем детей-сирот, оставшихся без попечения родителей | 3660,0 | 3660,0 | 100 |
| Субвенция на организации и осуществлении деятельности по опеке и попечительству | 423,0 | 423,0 | 100 |
| Субвенция на выплаты компенсации части родительской платы за содержание ребенка в государственным и муниципальным образовательным учреждениям | 733,3 | 733,3 | 100 |
| Субвенции бюджетам муниципальных образований на ежемесячное денежное вознаграждение за классное руководство педагогическим работникам государственных и муниципальных общеобразовательных организаций | 15052,9 | 15020,1 | 100 |
| Прочие субвенции | 3135,1 | 3135,1 | |
| Субвенция на обеспечения деятельности советников директоров | 63,4 | 63,4 | 100 |
| Субсидия на реализацию мероприятий по модернизации школьных систем образования (капитальный ремонт зданий общеобразовательных организаций) | 40155,2 | 40155,2 | 100 |
| Субсидии бюджетам муниципальных районов обеспечением питания обучающихся с ОВЗ, в том числе детей инвалидов | 359,6 | 359,6 | 100 |
| Субсидии бюджетам муниципальных районов на организацию бесплатного горячего питания обучающихся, получающих начальное общее образование в государственных и муниципальных образовательных организациях | 7893,2 | 7865,2 | 100 |
| Субсидия на поддержку развития муниципальной службы в РД | 57,5 | 57,5 | 100 |
| Субсидии бюджетам на модернизацию библиотек комплектования книжных фондов | 150,0 | 150,0 | 100 |
| Субсидии бюджетам муниципальных районов на поддержку отрасли культуры | 4500,0 | 4500,0 | 100 |
| Субсидии на реализацию проектов инициатив муниципальных образований Республики Дагестан | 33015,9 | 33015,9 | 100 |
| Субсидии бюджетам на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования, в том числе дорог в поселениях (за исключением автомобильных дорог федерального значения) | 9149,9 | 9149,9 | 100 |
| Прочие межбюджетные трансферты | 5467,0 | 5467,0 | 100 |
| **ВСЕГО МЕЖБЮДЖЕТНЫХ ТРАНСФЕРТОВ** | **517349,8** | **517349,8** | **100** |

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Сохранение репродуктивного здоровья подростков и молодежи

**Под репродуктивным потенциалом принято понимать возможность человека при вступлении в детородный возраст воспроизвести здоровое потомство. У женщин детородный возраст определяется интервалом между менархе и менопаузой. Подростковый период любой девочки является сложным периодом жизни, ведь в это время организм растущего ребенка переживает важные физиологические изменения.**

Детский возраст не исключает какие-либо патологические состояния и заболевания половых органов у девочек. Проблемы, игнорируемые на ранней стадии их развития, в будущем могут привести к тяжелым, необратимым последствиям со стороны репродуктивного здоровья. Поэтому посещение детского гинеколога должно стать такой же нормой для ребенка, как осмотры у врачей других специальностей.

Общее правило контроля репродуктивного здоровья предписывает осмотр девочки детским гинекологом в 3 года. В этом периоде наиболее частыми заболеваниями являются воспаление наружных половых органов, синехии, травмы половых органов. Назначенное во время лечение поможет избежать многих осложнений, в том числе развития восходящей инфекции с воспалением мочевыводящих путей.

Важно! Консультации детского гинеколога являются профилактическими. Они проводятся даже в том случае, если девочка абсолютно здорова. Важное значение имеет формирование привычки правильного соблюдения личной гигиены.

**Мадина Кебедова,**
**акушер-гинеколог**
**Гумбетовской ЦРБ**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

# В Гумбете проходит акция «Внимание – дети»

**С 24 марта по 3 апреля 2023 года в Гумбетовском районе проводится I этап акции «Внимание-дети!», направленная на снижение уровня детского дорожно-транспортного травматизма.**

С начала 2023 года по сегодняшний день в РД зарегистрировано 23 ДТП с участием детей и подростков в возрасте до 16 лет, в результате которых 2 детей погибли и 23 получили ранения. Статистика подтверждает, что большое количество дорожно-транспортных происшествий происходят по вине пешеходов. Особенно часто в беду попадают дети. Некоторые ребята нарушают правила дорожного движения из-за своей невнимательности, недисциплинированности. Например – идет по улице мальчик и вдруг видит на противоположной стороне своего друга. Забывая обо всем, бежит через проезжую часть перед близко идущими транспортными средствами, тем самым, грубо нарушая правила дорожного движения. А ведь это очень опасно! Появление ребенка на проезжей части перед автомобилем – полная неожиданность для водителя. Но во дворах также есть дороги, при движении по которым водители транспортных средств должны соблюдать правила движения в жилой зоне, т.е. скорость движения не должна превышать 20 км/ч, но это правило далеко не всегда соблюдается. И хотя пешеходы в жилой зоне имеют преимущество, они не должны забывать о собственной безопасности. Поэтому так важно обучение детей поведению на улице. Родители являются образцом для подражания и дети на дороге копируют поведение родителей, повторяют все то, что делают в таких случаях взрослые. Поэтому так важно каждому родителю всегда строго соблюдать ПДД.

Уважаемые родители, соблюдайте правила дорожного движения при перевозке детей! Пункт 22.9 ПДД РФ гласит: перевозка детей в возрасте младше 7 лет в легковом автомобиле и кабине грузового автомобиля, конструкцией которых предусмотрены ремни безопасности либо ремни безопасности и детская удерживающая система ISOFIX, должна осуществляться с использованием детских удерживающих систем (устройств), соответствующих весу и росту ребенка.

- Для перевозки детей до 7-ми лет обязаны располагаться в автокреслах или же ином аналогичном устройстве, прочно установленном внутри салона при помощи штатных ремней.
- Детей от 7 до 12 лет на заднем сиденье можно возить как автокресле, так и пристегивать обычными ремнями.
- На переднем сиденье автомобиля детей до 12 лет можно перевозить только в автокресле.
- Детей младше 7 лет запрещено оставлять одних в машине. Начиная с 01.09.2013 и по сегодняшний день за несоблюдение правил безопасности (ч.3 ст.12.23 КоАП РФ) во время перевозки детей водитель обязан будет выплатить штраф размером в 3000 рублей.

Правовая основа разбирательств с взрослыми - статья 63 Семейного кодекса РФ, возлагающая на родителей ответственность за воспитание детей и обязывающая заботиться об их здоровье. «Родители несут ответственность за воспитание и развитие своих детей. Они обязаны заботиться о физическом, психическом, духовном и нравственном развитии своих детей». Пренебрегая требованиями законодательства Российской Федерации, родители (законные представители) приобретают детям мототранспортные средства до достижения ими возраста, с которого разрешено управление данными транспортными средствами, подвергая жизнь и здоровье своих детей опасности. Подростки садятся за руль скутера, мопеда или мотоцикла, и при этом лишь немногие обладают знаниями правил дорожного движения. А также статьей 5.35 КоАП РФ предусмотрена ответственность за неисполнение родителями или иными законными представителями несовершеннолетних обязанностей по содержанию и воспитанию детей. Если эти условия не выполняются, то родители могут быть привлечены к административной ответственности за ненадлежащее исполнение родительских обязанностей. Санкция данной статьи предусматривает ответственность в виде предупреждения или наложения административного штрафа в размере от 100 до 500 рублей. В подавляющем большинстве случаев этого будет вполне достаточно, чтобы взрослый стал ответственно относиться к правилам дорожного движения. Основаниями для привлечения к административной ответственности по статье 5.35 КоАП РФ являются действия (бездействие) лиц, выражающиеся в неисполнении или ненадлежащем исполнении ими обязанностей по содержанию, воспитанию, обучению, защите прав и законных интересов несовершеннолетних, совершенные умышленно или по неосторожности. Уважаемые родители! Сейчас, в период весенних школьных каникул, необходимо еще раз напомнить: только от ваших ответственных действий при перевозке ребенка или при переходе через дорогу с ребенком зависит его здоровье и даже жизнь.

**М.А. Магомедов,**
**начальник ОМВД России**
**по Гумбетовскому району**
**полковник полиции**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович Гизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета къабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.